

NOUVÈL ENPÒTAN!

**ÈSKE SI M SÈVI AVÈK AVANTAJ SOSYAL,
M AP DERANJE CHANS MWEN POU M
JWENN YON KAT VÈT OSWA POU M VIN
YON SITWAYEN AMERIKEN?**

**Sèvis Imigrasyon ak Natiralizasyon nan
Peyi Etazini di konsa:**

Si w Pako Gen Yon Kat Vèt



**Sa p ap deranje
chans ou pou w jwenn
yon kat vèt si ou
menm, pitit ou,
oswa lòt moun nan
fanmi w sèvi avèk:**

- **Swen sante**, tankou: Medicaid, NJ FamilyCare, WIC, swen pou moun ansent, lòt swen medikal ki gratis oswa ki pa koute chè
- **Asistans alimantè**, tankou: kupon alimantè, WIC, manje yo bay nan lekòl, ak lòt asistans alimantè
- **Lòt pwogram ki pa bay lajan kach**, tankou: lojman piblik, asistans pou sinistre, sèvis pou okipe timoun, fòmasyon pou travay, kupon pou transpò



**Sèl jan ou ta
kapab gen pwoblèm
pou w jwenn yon kat
vèt, se si:**

- **Ou menm, pitit ou, oswa moun nan fanmi w sèvi avèk asistans sosyal ki bay lajan kach**, tankou: Asistans Tanporè pou Fanmi ki Nan Bezwen [Temporary Assistance For Needy Families (TANF)], Asistans Sosyal Siplemanntè [Supplemental Security Income (SSI)], Asistans Jeneral [General Assistance (GA)]
- **Ou rete nan yon rezidans pou granmoun oswa yon lòt kote moun rete lontan pou pran swen** epi se Medicaid oswa lòt lajan gouvènman ki peye pou sa

Si w Deja Gen Yon Kat Vèt



Ou pa kapab pèdi kat vèt ou si ou menm, pitit ou, oswa lòt moun nan fanmi w sèvi avèk:

- Sèvis sante tankou Medicaid oswa NJ FamilyCare, asistans alimantè, ak lòt pwogram ki pa bay lajan kach
- Asistans sosyal ki bay lajan kach
- Swen sante ki dire lontan



Men, ou kapab gen yon pwoblèm:

- Si ou pati kite peyi Etazini pou plis pase 6 mwa san w pa retounen epi ou te sèvi avèk asistans sosyal ki bay lajan kach oswa ou te resewa swen sante ki dire lontan
- OSWA nan ka ki ra anpil, si w sèvi avèk asistans sosyal ki bay lajan kach oswa si w resewa swen sante ki dire lontan pandan 5 premye ane ou pase nan peyi Etazini, pou rezon (tankou yon maladi oswa yon enfimite) ou te genyen anvan w antre nan peyi a

Si w Se Refije oswa Si w Gen Azil



Ou kapab sèvi avèk tout avantaj, tankou asistans sosyal ki bay lajan kach, sèvis sante tankou Medicaid oswa NJ FamilyCare, asistans alimantè, ak pwogram ki pa bay lajan kach, san sa pa gate chans ou pou w jwenn yon kat vèt.



Yo pa gen dwa anpeche w natitalize w kòm sitwayen ameriken si w resewa avantaj ki legal, tankou asistans sosyal ki bay lajan kach, sèvis sante tankou Medicaid oswa NJ FamilyCare, asistans alimantè, ak pwogram ki pa bay lajan kach.

Si w Vle Bay Yon Moun nan Fanmi w Papye



Si w sèvi avèk avantaj, tankou asistans sosyal ki bay lajan kach, sèvis sante tankou Medicaid oswa NJ FamilyCare, asistans alimantè, ak pwogram ki pa bay lajan kach, sa p ap anpeche w bay yon moun nan fanmi w papye.

Men sèlman, ou pral genyen pou w montre ou menm oswa lòt moun k ap bay papye a ansanm avèk ou a ap fè ase lajan pou okipe moun ki nan fanmi w la.

Moun ki nan yon fanmi pa oblije bay pwòp nimewo Sekirite Sosyal pa yo lè y ap fè yon demann pou sèvis sante pou pitit yo.

Enfòmasyon ou bay nan aplikasyon an ap rete konfidansyèl epi li pa pral okenn lòt kote.

NJ FAMILY CARE

Affordable health coverage. Quality care.

1-800-701-0710

TTY: 711